Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Ay jàngale ci mbiru këru àttekaayu doxandeem yi

Wolof | Wolof

Ci **këru àttekaayu doxandeem yi**, di nga mëna layal sa àtte bi ci kanamu ab àttekatu mbiri doxandeem te di nga mëna wane lu tax ñu war la may nga nekk ci biir Réew yu Booloo yu Amerig. Buñu la daanee ci àtte bi ci këru àttekaayu doxandeem yi, mën nga woote sa ñàkka nàngu ci kanamu yoon.
**Mën na am ñu delloo la sa réew, bu fekke:**

- da ñu la daan ci këru àttekaay bi te woote woo ab ñàkka nàngu ci kanamu yoon,
- da nga woote ñàkka nàngu ba noppi ñu daanaat la.

## Kan mooy nekk ci këru àttekaayu doxandeem yi?



- Dina am ab **àttekatu doxandeem** buy jël dogal ci ndax dinañu la may nga nekk ci biir Réew yu Booloo yu Amerig am deed.
- Dina am **ab awokaa** buy ligeeyal nguur gi. Seen ligeey mooy teewal Réew yu Booloo yu Amerig. Nekkul yaw lañuy ligeeyal.
- **Boo amee ay awokaa**, may nañu leen ñu nekk ak yaw ci ëttu àttekaay bi saa yu leen neexee, te tamit mën nañu la woo telefoŋ, mën na ñu la seet si.

**Fàttalikul: Nguur gi dula jox ab awokaa, waaye mën nga wut awokaa bu la teewal.**

## Seet sa taarixu àtte ci këru àttekaayu doxandeem yi

- Ngir seet sa taarixu àtte, dinga soxla sa nimero doxandeem (A-number). (Ci misaal: A 000-000-000). Nimero bi nguur gi moo koy joxe te dafay nekk ci sa kayitu tukki yi.
- Seetal xibaar yi aju ci sa jotaayu-deglu ci boo jëfandikoo jumtukaay biy genne xibaari àtte yi ci saas yi (Automated Case Information system). Ci suuf amna ñaari anam yoo ko mëna defee:
  - Woote ci buumu jokkoo bu amul fay bi ci 1-800-898-7180. Dugal sa nimero doxandeem te nga topp ndigali kàddu gi lay jox tegtal.
  - Yërël sa xëtu enternet: https://acis.eoir.justice.gov/en/. Bindal sa nimero doxandeem ci wërngalu gëstu bi te nga bës “Enter” (Dugal).

Mayor's Office of Immigrant Affairs

# Ay jàngale ci mbiru këru àttekaayu doxandeem yi

Wolof | Wolof

## Soppi sa jotaayu-deglu bi wara am ci sa tewaay ab jotaay buñuy defee ci ay xarala / jotaayu-deglu-telefoŋ

Boo bëggee soppi sa jotaayu-toog-deglu bi nga wara amal ci sa teewaay ab jotaayu-deglu-telefoŋ, war nga bind ab sàkkuteef bu jaar yoon jebbal ko këru àttekaay bi. Amna solo nga jebbal sàkkuteef bi ci numu gëna gaawe laata ñuy jàpp taarix ngir beneen jotaayu-toog-deglu bi. Ngir def loolu, war nga fàttaliku **waxtaan ak ab awokaa**.



- Xelal yi ci wàllu yoon war na jogee ci ab awokaa, bu la mëna taxawu ci waajal ak jebbal këyit yi war nimu waree.
- Di nga wara jebbal ab sàkkuteef ngir mëna soppi sa anamu deglu (Motion to Change Hearing Format) ci këru àttekaay bi. Àttekatu mbiri doxandeem yi dina càmbar sàkkuteef bi ginaaw gi mu yeegal la dogal bi yaw wala sa awooka.
- Buñu nànguwee sàkkuteef bi, deglu bi dina amee ci telefoŋ; buñu ko nànguwulee, deglu bi dina amee ci sa teewaay.

## Wut ku lay teewal ci wàllu yoon

Ci weer yi weesu, amoon na ay yegle ci wàllu càmbar ay doxandeem ci biir këru àttekaayu doxandeem yi. Mën nga ñaan ab tërëlin ngir sooraale buñu la teeyee. Boo amee ay laaj, waxal ak ab awokaa.

**Ngir am ay ndimbal ci wàllu yoon ñeel doxandeem ci sutura te doo fay dara woowal Biro Meeri biy toppatoo Mbiri Doxandeem yi (Mayor's Office of Immigration Affairs, MOIA):**

**1-800-354-0365**

Altine ba aljuma, 9 waxtu ci suba ba 6 waxtu ci ngoon    Kulay firil làkk jàppandi na

Bepp këru àttekaayu doxandeem amna limu mbootaay yiy dimbale nit ñi ci wàllu yoon ci lu amul fay wala ci lu yomb te nekk fu jege.

Eskaneel njëkk kot QR bi ngir gis limu mbootay yiy taxawu ab doxandeem ci wàllu yoon te jege sa këru àttekaay wala nga yër: www.justice.gov/eoir/list-pro-bono-legal-service-providers

**Këyitu yégle bi dafay joxe ay xibaar rekk. Nekkul ay xelal ci wàllu yoon.**
**Wutal ab awokaa boo soxlawee ay xelal ci wàllu yoon.**